

PROJÈ FEP

**INCAMI e INFOMIGRA pou
edikasyon imigran
byennèt sosyal**

Fon edikasyon pou asirans 2018



Subsecretaría
de Previsión
Social

Gobierno de Chile

**CHILE LO
HACEMOS
TODOS**


INCAMI
INSTITUTO CATÓLICO
CHILENO DE MIGRACIÓN


InfoMigra

Enfòmasyon Pèsonèl

Non _____

Ria: _____ Nim: _____ Katye: _____

Tel: _____ Wks: _____ Téléfon Pèsonèl: _____

E-mail: _____

Done Enpòtan

Non Etablisman an: _____

Ria: _____ Nim: _____ Katye: _____

Téléfon: _____ Otorite: _____

E-mail: _____ Kou: _____

Done Enpòtan

Non Etablisman an: _____

Ria: _____ Nim: _____ Katye: _____

Téléfon: _____ Otorite: _____

E-mail: _____ Kou: _____

Objektif

Gid sa objektif se pou enfòme kominote imigran yo nan Chili sou Sistèm Byennèt Sosyal Chili. Elabore apati pwojè: "INCAMI e INFOMIGRA. Pou edikasyon imigran nan ekonomi endividyèl AFP", ki Gen akò ak instituto Católico Chileno de Migración pa mwayen resous yo epi èd pou planifikasyon Kès pou Retwèt (FEP) 2018 pa Subsecretè Proteksyon Sosyal Ministè travay ak Byennèt Sosyal Gouvènman Chili.


Nap enfòme ou nan yon fason amikal , zanmitay epi senp yon fason pou kontribye nan kilti byennèt pou plis imigran nan Chili kapab enfòme epi responsab sou dwa yo ak devwa sosyal nan domèn byennèt, se objektif materyèl la. Nan fason sa , kontni sa te devlope nan divès sipò ak lang ki pral difize nan platfòm INFOMIGRA nan aplikasyon mobil, Facebook ak Instagram, menjan nou fè capasitasyon territoryal nan rejon yo tankou Antofagasta, Valparaíso ak Santiago, se pou nou desantralize konesans sa a nivèl nasional. Nou espere ke chak imigran ki resevwa gid sa pote yon developman aktivite edikatif yo, epi tou ki kapab sèvi referyans sou Byennèt Sosyal, tankou pou moun ki resevwa gid sa zanmi ak fanmi.

ENTRODIKSYON

Kisa ki asirans sosyal?

Asirans Sosyal se Dwa Lòm prezan nan Deklarasyon Invèsel Dwa Lòm nan atik N° 22 ki di ke: Tout moun ki manb nan sosyete a, gen dwa ak asirans sosyal ... Asirans Sosyal se yon dwa ki fondamental pou Lòm epi ki garanti byennèt chak moun. Se responsabilite peyi a, ki dwe garanti ak tout moun dwa ak diyite.

Kisa sistèm pansyon an ye? Sistèm sa gen pou misyon asire popilasyon an nan yon peyi atravè yon seri de sèvis minimòm ki pwoteje nan ka vyeyès, andikap, eritye, maladi, aksidan, matènité, chomaj, nesans timoun / elatriye.



Sistèm Pansyon yo

Sistèm pansyon Chilyen pwoteje travayè kont risk vyeyès andikap ak lanmò.

1

Kijan byennèt sosyal pou imigran yo fònsyone nan

Chile? Sistèm byennèt Sosyal la aplike pou tout imigran nan egalite ak yon chilyen. Kòman Byennèt Sosyal fònsyone pou imigran yo nan Chili. Sistèm Byennèt Sosayl la fònsyone pou tout imigran, nan mènm kondisyon akyon Chilyen, poutèt sa, yon imigran pagé limitasyon nan posibilité pou jwen sèvis epi resevwa èd pa Leta Chilyen.

Kijan Sistèm Pansyon an konpoze . Li konpoze an 3) Pilye: 1) Pilye: kontribyab obligatwa 2) Pilye: Volontè 3) Pilye: Solidarite (soutyen).



A) PILYE KONTRIBISYON OBLIGADWA Tout travayè anbwoche ki patisipe nan fon sa. menmja depi 2018, gen ladan tout travayè endependan ki travay pou yon frè (honorarios).

Kontribisyon sa yo reyini yon sipò nan Kont kapital endividyl (CCI), ki se pèsonèl - ki pa pou AFP - epi ekonomi an se pou tout moun n. Kont sa jere pa Administratè Kès Retwèt (AFP), avèk objektif pou fè grandi ekonomi. avèk lajan akimile ki finanse pansyon travayè yo.

Ki pouasantaj nan salè mwen an ki ale nan Pilye Kontribyab Se 10% nan salè brit la ki ale nan kont kapital endividyl (CCI) anplis, ekziste yon kontribisyon adisyonèl 1,41% ki ale nan asirans pou endikape ak eritye (SIS) ki peye pa Patwon an ki vledi, yo pa dekonte travayè a salè sa

Kont Depay Kapital Endividyl (CCI)

10% sa se travayè ki peyel

Kontribisyon Asirans Andikap ak Eritye (SIS)

1,41 sa se patwon a ki bay li

Komisyón nan AFP pou Administrasyon fon an

% peye pa travayè a ki

Ki dwa map genyen sim kontribye nan Pilye a.

Pou tèt ou kontribye regilyèman nan CCI li baw dwa ak tout travayè pou resevwa revni (pansyon) lè li pap travay ankò, menmsi se pou fin lavi travay ou (retwèt) pou koz andikap oswa pou lamò.


Ki faktè ki ka enfliyanse pansyon mwen.

1. Kantite lajan ekonomize nan kont kapital endividyl (CCI): plis kotribisyon mansyèl 10% nan salè CCI ak randman ou resevwa nan ekonomi.
2. Benefisyè eritye fiti pansyone: si genyen plizyè benefisyè ki kapab eritye yon pati nan ekonomi CCI.
3. Sèks afilye a: depan de sèks la yo itilize yon fòmilè yon konsidere esperans vi a, ect, pou yo konnen konbyen kòb recevwa, si se fi oswa gason.
4. Kouvèti pou asirans andikap ak eritye (SIS): sa depan sou modalite pèyman pansyon chwazi, si se yon renta vitalicia oswa yon retwè pwograme.

Kiyès ki Administre kès retwèt la (AFP)?

AFP yo se enstitisyo prive rasanble kontribisyon travayè yo, depoze nan CCi epi nan yon envisti lajan pou yo gere pwofi ki (rantab) ki gen pou delivre selon ka a (pansyon pou vyeyès, andikap oswa eritye). AFP yo otorize pou chaje manb yo ak yon pri chak fwa yo fè yon kontri bisyon(li rele "komisyón pou administrayon"). Sa yo definibileman pou chak AFP epi valè yo se menm pou chak afilye ki ladan. AFPS ki ekziste nan chili se: Planvital, Modelo, Habitat, Capital, Provida y AFP Cuprum. Sa yo genyen pouasantaj ki peye pou komisyón administrasyon nan dat la:

Gid pou kapasitasyon



Kòman afilye nan AFP

Ou dwe ale nan youn nan biwo, prezante yon kontra travay ki notarye, gen yon pèmi travay valab ak dokiman idantite. Pou ou kapab demontre ke ou legal pou w travay nan Chili.

Pèmi travay la kapab : pou yon travay ekstraòdinè pou touris, pèmi travay ak viza an pwosesis, viza sijè ak kontra valab ak pèmanans

Kijan mwen kapab konnen ki AFP mwen ka chwazi

Si pwosibyon e poul chwazi, mkkómanse travay epi en li kapab chwazikontribye AFP pandan ge yon geperyòdnyen an konkou konespesyal, sèvis., pagen Apwès 2 zan nan AFP sa ou kapab chwazi yon lòt Nan gen yon yon AFP lòt espeskote, yalsi . yon yap bali moun yon n AFP kòmanse kote li pwal travay peyéepi kontribye yon fwè pandan yon peryòd epi li pat jan sa te pase depi 1 Oùt 2018. Nan ka sa , moun nadminisyon afilye kiyo pa akapab chanjekoute chè AFP , menm nan nenpòt moman. Ansyen kontribyab yo (ki gen plis ke 2 zan) kabap chwazi youn nouvo AFP nan nenpòt monan

Kòman investi lajan nan AFP

A, Fon B, Fon C, Fon D ak EGen 5 fon laidan yo AFP kapab envesti. lajan nan CCI. Chak gen yon risk ak envestisman diferan: Fon Yo diferansye pou nivo risk ak envestisman pou chak pwofi ou te espere pou chak, Fon A pi riske Fon E gen mwens risk. Men chak moun kapab chwazi desten pou ekonomi nan 2 pou 5 Fon ki genyen yo. 8Pou moun n ki pran retwèt yo ak moun n ki kòmansa nan laj pou retwèt paka chwazi fon ki pi riske yo (nan fason yo ka evite pèdi pansyon yo), pou laj yo se Lalwa ki chwazi fon.

ENPÒTAN: Moun ki pa chwazi yon fon lè yo al afilye nan sistèm oswa chanje plan Tramo.

A ki tip pansyon ou gen dwa

Pansyon pou vyeyès: nan Chile, ekziste yon laj minimòm pou gason yon pwan retwèt , li kapab fèl ak 65 lane epi fi yo ak 60 lane . Kantite pansyon an depan sou kantite lajan akimile nan CIC. Pansyon pou andikap: dwa yon bay afilye yo nan sistèm , nan 18 ak 65 ane, ki pa pansyone pou vyeyès. Yon evalyasyon medikal deklare andikap pou tèt li pèdi 50% nan kapasite fizik oswa mantal. Pansyon pou eritye : se pwoteksyon ke sistèm nan bay ak fanmi afilye a ki mouri a, ya bal yon pansyon ki define pa Lalwa.

Ekziste avantaj pou Fanm yo

Leta founi kèk opsyon pou konpanse inegalite sa yo nan moman retwèt epi etabli avantaj sa yo:

1.Bonis pou Pitit : lajan kontribisyon Leta bay ak tout manman pou chak ptit ki fè, kap viv oswa adopte pou ogmante pansyon medanm yo. Nan ka pou timoun adopte yo, benefis yo jwen nan li pou manman byolojik ni pou manman ki adopte a. Yo bay ak tout famn ki ranpli kondisyon legal e ki pran retwèt depi 1 jen 2009, oswa ki jwen dwa nan yon pansyon pou eritye nan dat sa. Ou dwe mande I depi a 65 lane.

2.Konpansasyon ekonomik nan ka endividiyèl moun ki soufwi epi ki gen pwoblèm ekonomik. Ekzanp, fi a kite epivay poul ka okipe deposite sou koti nt mou nilasyon maryaj, yo n jij yo.

Kijan yo peye pansyon yo. Nan pwosesis retwèt la pou koz vyeyès ,oswa andikap afilye yo dwe deside selon modalite ke yo peye pansyon an Gen 2 fason basik pou peye pansyon : retwè pwograma ak renta vitalicia. Nan menm fason sa ekziste 2 lòt chanjman ki konbine eleman avan yo.

Basik:

-Retwèt pwograme: wap resevwa yon pansyon mansyèl ke yo retire nan fon pansyon, nan opsyon sa, pansyon an diminye avèk ane, paske moun ki retwèt a konsome pwòp ekonomi I.

-Nan retwè pwograme, ekonomi byennèt ki gere AFP yo nan fon sa yo kontinye fè pwopriyete afilye


-Desizyon pou pansyone pa mwayen sa pa pèmanan. Konsève pwopriyete ekonomi, pansyonè akapab chanje mod swivan lwaye nan nenpòt moman.

-Renta vitalicia: Yo transfere fon sa nan kont ki vèse yon kantite ki fikse pou panson, epi ki repon n ak kèk ekzijans pou kapab jwen modalite, poukapital endividiyèl (CCI) nan yon konpayi asirans plis enfòmasyon konsilte AFP ou.

-Mix: Renta delivre yon panson temporal ki vèse pacon renta vitalicia diferida: S AFP sou fòm retwèt pwograme. Yon fwa ke peryòd tan ekspire,e yon melanj de 2 avan yo. pou yon peryòd detèmine,konpayi asirans li ke ou ye a peye panson nan fason de renta vitaliciepi ki peye yon kont panson ki fise ak retwète yo. Gen kèk kondisyon ou dwe ranpli pouw kapab benefisyel, pou plis enfòmasyon ale nan AFP.

-Renta vitalicia inmediata con retiro programado: Moun ki afilye yo resevwa 9 yonpèyman similtane pa AFP epi pa konpayi asirans la.

Ki etap ki genyen pou pwoesisis panson an.



ENPÒTAN: Chili te siyen akò avèk plizyè peyi, ki garanti aksè nan sistèm panson pou retwèt pou chilyen ak etranje yo ki rezide epi travay nan peyi sa yo.

AKÒ ENTÈNASYONAL POU ASIRANS SOSYAL

Yo se enstriman jiridik entènasyonal ki asepte ak rektifye nan 2peyi oswa plis ke 2 peyi, ki pèmèt travayè imigran yo benefisyè aksè nan pwè ke nou dekri anvan yo, nan nouvo peyi ke ou rezide aoswa le ou retounen nan peyi ou.

AVÈK KI PEYI CHILI GEN ANKÒ BILATERAL?

Alemania, Argentina, Australia, Austria, Bélgica, Brasil, Canadá, Colombia, Dinamarca, Ecuador, España, Estados Unidos, Finlandia, Francia, Italia, Luxemburgo, Noruega, Países Bajos, Paraguay, Perú, Portugal, Quebec, Reino Unido, República Checa, Suecia, Suiza, Uruguay y Venezuela.

Gen kèk ka avèk peyi nan pénisule ibérique nan Amerik latin, kote plizyè peyi te dakò a kèk benefis pou panson. Sae peyi sa ak enstitisyon ki responsab:

Ki peyi ki fè ankò miltilateral ibero ameriken Asirans Sosyal?

Argentina: Administración Nacional de Seguridad Social (ANSES).

Bolivia: Autoridad de Fiscalización y Control de Pensiones y Seguros.

Brasil: Instituto do Seguro Social (INSS).

Chile: Superintendencia de Pensiones.

Ecuador: Instituto Ecuatoriano de Seguridad Social.

El Salvador: Superintendencia Adjunta de Pensiones.

España: Instituto Nacional de la Seguridad Social.

Paraguay: Instituto de Previsión Social (IPS).

Perú: Oficina de Normalización Previsional (ONP).

Portugal: Direccao-Geral da Segurança Social (DGSS).

Uruguay: Banco de Previsión Social.

Kijan mwen kapab transfere lajan mwen yo nan peyi m?

Etranje ki nan Chili ka transfere lajan nan yon lòt peyi, pwofesonèl oswa pa nwofesonèl

Pa pwofesonèl
Depan de akò pou transfere fon espesifiv yo avèk peyi a avèk tan ki valab.
Laj pou panson kontisyen nan peyi ou fè demand panson an .
ENPÒTAN: demand sa fè depi nan peyi orijin

Pwofesonèl
Ou dwe afilye nan sistèm prevansyon sosyal peyi orijin, epi ki bay sèvis pou pipiti nan ka maladi , andikap, vyeyès ak lanmò.
Apwouye ke ou se yon teknisyen oswa pwofesonèl (sètifika tit yo), apostillados o legalizados nan Ministè Relasyon Eksteryè nan Chili.
Kontra travay ki esplike volante ou genyen pou afilyasyon an: Setifika travay ke travayè genyen kotizasyon de enstitisyon yo nan rejim prevansyon peyi orijin ou , epi ke anplwayè a fè gade epi depoze a chak enstitisyon ki korespon n.
Prezante finiquito pou kontra travay la.

Gid pou Kapasitasyon

B) PILYE SOLIDÈ Ojektif prensipal li se sipòte travayè ki fè pati 60% pou pi vilnerab nan Chili. 2 fòm sèvis sa yo se panson solidarite debaz (PBS). Se yon kontribisyon panson solidarite (APS) ke yo bay chak mwa ak moun n ki pagen epay nan CCi, oswa amelyore epay moun yo lè ekonomi yo an feblès. Nan fason sa pilye sa avize 2 benifis alafwa ki kouvwi sityasyon enprevi yo tankou vyeyès ak endikape.

PansonDebazSolidarite

Panson Debaz Solidarite pou Vyeyès (PBSV)

Panson Debaz Solidarite pou Endikape (PBSI)

Kontribisyon Pensyon Solidarite

Kontribisyon Panson pou Vyeyès (APSV)

Kontribisyon Panson pou Endikape (APSI)

ENPÒTAN: Lajan Pilye Solidarite a bay la se responsabilite Leta ki finanse pa kontribisyon taks yo.

Panson Debaz Solidarite pou vyeyès (PBS): Pou moun n ki pagen aksè ak yon panson nan okenn rejim panson..

ENPÒTAN: Yo ekzije 20 lane rezidans kontinye oswa antre sòti nan Chili.

Panson Debaz Solidarite pou Andikap (PBSI): Se pou mounn ki deklare kòm enkapab, sa vledi ki paka fè yon travay , kit se pou yon pwoblèm fisik oswa pou defisyans entèlektyèl. Kontribye nan panson solidarite pou vyeyès

(APSV): pou mounn ki gen ki pagen anpli revni, epi ki resevwa panson you vyeyès ak yon revni ki piti. Sèvis sa pèmèt yon amelyorasyon oswa konplete retwèt la.

Kontribisyon Panson Solidarite Endikape (APSI): Se pou mounn ki gen yon ti kras revni, epi ki reseva yon ti kras lajan retwèt pou yon andikap. Sèvis sa pèmèt yon amelyorasyon oswa konplete retwèt la.

Kijan mwen kapab konnen si mwen fè pati 60% ki pi vilnerab?
nvalidite ankou pou (APSI), Retwèt ki ale nan Solidarite 60% ak Debaz popilasyon pou ki vyeyès pi ak vilnerab. andikapYo (PBS), seleksyon mennjan nan yon ak sistèm retwèt notasyon Solidarite ki pou detèminevyeyès enstriman ki fokalize. Panson ki itilize pou Asirans Sosyal (IPS) pandan pwosesis la benefisyè yo pa mwayen pou sa ki entèrese. **ENPÒTAN:** Pou fè pati 60% pou popilasyon ki plis vilnerab, nòt ou jwen nan IFP pa dwedepase 1.206 pyen.

Asirans Sante nan travay

Asirans travay gen pou objektif prevni ak pwoteje travayè yo nan ka aksidan travay, vwajaj oswa maladi travay mensi se nan fason depandan (avèk kontra travay nan fason endependan) honorarios avèk pwòp tèt ou.

2

¿De ki sa yap pale lè yo di Sekirite ak Sante nan Travay

Yo fè referans ak dwa ke chak travayè genyen pou devlope travay yo nan yon bon kondisyon, ki redwi oswa diminye risk ki prezante nan travay ou. Kounye a, jan yo sot esplike, travayè yo kapab soufwi aksidan nan travay , vwayaj ak maladi pwofesyonèl, men nou dwe konnen kijan yo diferansye yo..

Ki sa yon aksidan travay ye Se tout blesi ke yon travayè soufwi pandan jounen travay li epi ki pwodwi yon andikap oswa lanmò.
SONJE: Sa ki koze pa yon fòs majè , ksa yo pagen okenn relasyon ak travay ou pa antre nan kad aksidan travay.

Kisa ki yon aksidan vwayaj?

Se sa ki pwodwi nan chemen kay pou ale nan travay, oswa travay pou ale lakay oswa pou ale nan yon lòt travay. Fòk pakou a pa chanje.

ENPÒTAN. Chemen an dwe dirèk, san entèripsyon. Ekzanp, si ou chanje rout pou pase achte nan yon magazin, pou ou salye yon zanmi, vizite yon paran oswa ale lekòl, ou pèdi dwa asirans lan, sa vle di , ou paka devye pandan vwayaj la, sèlman si ou pwouve ke devyasyon te fèt pa yon fòs majè.

Kisa ki yon maladi pwofesyonèl Se sa ki pwodwi dirèkteman pou travay ou reyalize nan yon enstitisyon oswa yon antrepriz ki koz travayè a vin gen yon endikap oswa lanmò.

SONJE: Pou w kapab konsiderel tankou yon maladi pwofesyonèl , dwe ekziste yon relasyon ki koze nan travay ou reyalize ak patoloji ki koz endikap la oswa lanmò , nan ka kontwè, yap konsidere l pou yon maladi. 14

Kiyès	moun	n	asirans	sa	pwoteje
Travayè ki depandan	nan	sektè	piblik	ak	prive.
Etidyan yo Travayè endependan pou pwop kont yo honorarios sof ke si li chwazi pa kotize.	Avantaj ki genyen	yo se:	Swen	mediko.	Opitalizasyon.
Pwotèz	ak		aparèy		òtopedik.
Medikaman.					
Reyabilite fwè	fízik		ak		psíquica.
Lisans medikal	pou		andikap		travay.
Pansyon nan ka yon aksidan oswa maladi pwofesyonèl avèk rezulta andikap oswa					lanmò.
ENPÒTAN: Tout sèvis sa yo gratis jiskaske travayè a geri konplètman, oswa pandan ke ou toujou gensemton yo ki te koze pa maladi o aksidan.					
Kisa pou ou fè siw soufwi yon aksidan vwayaj					
Avan ou dwe konsilte anplwaye ou, si ou afilye nan MUTUAL pou Sekirite, li depan de rwout la. Si ou pa afilye nan mutual ou dwe ale nan ISL si pyès ou afilye:					
-Sa a responsab pou aksyon prevansyon risk, nan sèvis aou dwe ale nan MUTUAL antreetman pou aksidan nanpris la afilye a pou ou ka jwen swet travay ak maladi pwofesyonèl (okipasyonèl)nan peyi Chili.					
-Si ou pa afilye: ou dwe ale nan EnstiAsirans Sosyal kont Risk Aksidan travay, maladi pwofesyonèl tisyon de. (okipasyonèl).Asirans Travay (ISL), ki se antite piblik ki an chaj pou administrede. (okipasyonèl).Asirans Travay (ISL), ki se antite piblik ki an chaj pou administre Pou plis enfòmasyon antre: https://www.isl.gob.cl/ . Kljan asirans sa finanse Nan ka ke travayè a depandan, finansman Asirans pou Aksidan travay maladi pwofesyonèl (okipasyonèl) se responsabilite èanplwyè a Ikorespon n a 0.95%nan vaa kapab ogmante depan de travay ke ou genyen an. Pandan, pou ou ka jwen kouvèti ak aksè nan sèvis , Travayè revni travay la, kantite kòb ki peye pou anplwayè a. Sa endependan yo, avèk pwòp tèt yo oswa ak (honorarios), si ou vle gen asirans sa ou dwe peye chak mwa 15 kantite kòb sa: quieren tener este seguro deben pagar mensualmente este monto de dinero.					

Kiyès ki administre Asirans pou Risk Aksidan travay ak Maladi Pwofesyonèl (Okipasyonèl)?

Administratè prensipal la se Enstiti Asirans Sosyal (ISL). Tout anplwayè ak travayè yo pwoteje pa li, sof si yo chwazi yon lòt. Chak anplwayè ka chwazi kite afilyasyon an nan ISL epi randre nan yon Mutualite Anplwayè, ki se prive.

Asirans Sante nan Travay

Enstiti Asirans Travay (ISL)

Mutualidades pou anplwayè yo

- 1)Asosyasyon Chilyen pou Asirans (ACHS)
- 2)Enstiti pou Asirans Travay (IST)
- 3)Mutual pou Asirans (MS)

Sante

Chili garanti tout etrange yo aksè pou swen sante nan menm kondisyon ak yon sitwayen Chilyen, sistèm sante nan peyi Chili se prive, nan ka enstitisyon Prevansyon Pou Sante (ISAPRE) ak piblik nan ka Fon Nasional pou Sante (FONASA).

3

Sante Biblik

Se Fon Sante Nasional (FONASA). Li fònsyone nan kad rejim solidarite, ki finanse pa kontribisyon Leta plis kontribisyon ke travayè yo peye 7% ki kalkile sou baz salè brit. Nan FONASA ekziste 4 tramos (seksyon): A, B, C, Y D. Repatisyonpou afilye yo nan plizyè tramo (seksyon) fèt sou salè chak moun, moun ki pagèn yon revni yo antre nan tramo (seksyon) A pou moun sa swen nan sistèm sante se gratis.

Sante Prive Yo se Etablisman Sante preventif (ISAPRES). Se yon sistèm sekirite sante ki baze sou kontra endividyle ak chak moun ki afilye benefis yo bay yo depan sou plan chwazi li depan tou de sèks, laj, maladi, elatriye. pou moun ki afilye yo. Sèvis sa depan de plan chwazi.

Sante se yon devwa pou tout moun

Pou ou kapab jwen swen santeo u dwe ke enskwi nan Sistèm Biblik oswa Prive.oswa avèk akò Inyon Sivil

ENPOTAN: Tout travay ki gen kontra travay, dwe kontribye nan yon sistèm sante, ou lib pou chwazi sistèm biblik (FONASA) oswa prive (ISAPRE) pousantaj pèyman depandan de sistèm sante ou chwazi.

-Si ou afilye nan FONASA, pousantaj kotizasyon an se 7% ki kalkile sou sale brit.

-Si ou deside kontrate yon plan sante nan ISAPRE, pousantaj kotizasyon an depan sou valè plan sante kontrate a, li kapab nan 7% oswa plis ke salè brit la.

SONJE: Kounye a, nenpòt altènativ ke ou chwazi (FONASA o ISAPRES), travayè yo lib pou yo chwazi nan ki sant sante li vle pran swen pa mwayen lè achte.

Kiyès ki sipèvize sistèm sante a?

Kontwòlak regleman nan administratè sipwèm Sante.sistèm sante publik ak prive (FONASA ak ISAPRES) anchaje pa.

Kijan mwen kapab enskwi nan FONASA?

Si ou se etranje epi ou pako voye demand viza, ou ka resevwa swen medikal, ou dwe apwoche nan yon sant sante publik la ki koresponn ak kay ou: Biwo, CESFAM, Cosam, Lopital, elatriye, epi prezante tèt ou bay Travayè sosyal la. Nan ka pou moun ki manke resous ekonomik, ou dwe ranpli yo fòmilè pou Manke Resous epi yon pwal anrejistre moun sa nan FONASA A. Sèvis sa a gratis e ou pap kapab jwenn aksè pou achte lè. Gen gwoupki gen priyrite pou jwen sante: minè, majè ki gen plis ke 65 lane. ak fi ki gwòs. **ENPOTAN:** pou ou ka enskwi nan tramo A ou dwe prezante: dokiman ki valab (paspò, kat idantite) ak Sètifikasi rezidans Komite katye. Si ou gen yon pèmi travay epi wap travay, ou kapab ale anrejistre nan FONASA kote yo pwal ba ou yon Run Provisorio, Run sa ou dwe pote bay patwon an pou li ka kòmanse peye task yo. Pou kapab enskwi nan tramo B, C oswa D, sa depan de revni brit, ke ou dwe prezante:

-Kopi Paspò

-Kopi kontra travay

	kopi	premye	kontribisyon	AFP
Lè ou gen kanè chilyen	kanè chilyen	ou	dwe al fè chanjman	
RUN		nan		FONASA.

Si ou gen kanè chilyen epi wap travay ou kapab enskwi nan nenpòt branch FONASA. oswa anrejistre pa entènèt avèk dokiman sa yo:

-Dènye chèk yo te peye ou kote yo retire kontribisyon FONASA (yon kopi kontra travay pou moun kifèk anboche yo. Kopi Kanè chilyen Pou plis enfòmasyon ou kapab antre nan: www.fonasa.cl

Tramo A: Afilyasyon ak moun ki manke resous. Ou dwe ale nan sant sante ki nan komin ou ak kat idantite epi sètifikasi rezidans.

Afilyasyon, Tramo B;C o D Ale nan FONASA avèk pèmi travay kontra epi avèk premye pèyman mwa nan AFP

Lè ou gen RUT ale nan FONASA pou apwouve ak regularize sityasyon ou.

**Kijan ou kapab enskwi nan
ISAPRE**

Li fèt atravè yon akò prive ant travayè avèk ISAPRE. Lè se premye enskripsyon ou dwe konplete deklarasyon pou sante, dokiman ki dwe evalye pa kontrol Medsen nan ISAPRE, pou yo kapab etabli limit ak sèvis pou kèk maladi ki ekziste, epi ki kapab refize enkòporasyon yon nouvo moun n tankou afilye pou rezon sa.

Ki dwa ou genyen lè ou peye kontribisyon pou sante nan (FONASA o ISAPRE)

- 1.(Achte lè, enkli resposabilite fanmi an, epi aksè avan ak apwè akouchman)travay pasyèl oswa total, anba sètifika medikal.
2. konje medikal: dwa pou absan nan.
3. Sibvansyon pou andikap travay : pandan peryòd konje medikal la ou gen dwa pou resevwa sibvansyon pou andikap ki gen pou objektif gade salè pandan jou sa yo ou pap genyen paske ou an repo.
4. Aksè inivèsèl ak garanti (AUGE GES): AUGE O GES, se dwa ke Lalwa
5. Konje Avan ak Apwè Akouchman: se pwoteksyon ke Lalwa bay pou matènité medam kap travay yo, rekonèt kèk benefis pandan gwo sèl la ak apwè timoun nan fèt . Sa aplike pou papa yo dwa patènité, yo lisans medikal pou ka absan nan travay.
6. Otorizasyon pou papa: yon gen 5 jou konje peye lè pitit la fè, endependan de konje manman se posnatal parantal.
7. Sibvansyon matènal: pandan tan que ou itilize pèmisyon de pre y posnatal maternal, menjan pou pòsnatal parental, sibvansyon sa se yon benefis lajan ki peye pou ranplase revni travayèa.
8. Ley SANNA: se yon asirans obligatwa pou manman ak papa timoun yo ki gen yon pwoblem sante grav, pou li kapab absan nan travay li ak jistifikasyon sa pandan tan ki detèmine, avèk objektif pou pran swen, akonpanyeman oswa siveyans pèsonèl. Pandan tan pèmisyon an, wap resevwa yon sibvansyon ki.

Kisa ki yon lisans midikal

Lisans medikal se yon dokiman ki pèmèt yon travayè absan nan travay oswa travay myens tan nan jounen travay la, lè li gen on maladi oswa soufwi yon aksidan ki bezyen repoze oswa tretman pou yon peryòt tan endike pa espesyalis sante. Lisans midikal la rekonèt pa patwon an epi otorize pa Komisyon Medikal Preventif (COMPIN) oswa pa komisyon medsen ISAPRE, depan de chak ka. 20

E]1[efW tip lieS emWi al:



=a` TkWfS ag YWkWbag bdMS fW[es e_ W]S^'SW][] afWbag X?

Ou dwe prezantel nan la komisyon Medikal Preventif andikap (COMPIN) respektiv oswa nan ISAPRE si ou afilye nan yon ki pi meyè verifye nan: <http://compin.redsalud.gob.cl/>.

- Si wap travay nan sektè prive: ou gen 2 jou (pou prezante pèmisyon an baypatwon an) pèsonèlman oswa bay yon lòt moun potel ale si ou grav anpil.
- Si wap travay nan sektè prive: ou gen 3 jou ouvrab ouvrab (pou prezante pèmisyon an bay (pou prezante pèmisyon an baypatwon an) pèsonèlman oswa bay yon lòt moun potel ale si ou grav anpil.
- Si wap travay endependan ak tèt ou: ou dwe pote lisans la ale dirèkteman nan Komisyon Medsen Preventif pou Andikap (COMPIN) oswa ISAPRE pandan 2 jououvrab la epi ak peryòd repo valab (swa pèsonèlman o atravè yon lòt moun). Kisa ISAPRE ka fè o COMPIN avèk lisans medikal la Yo ka apwouvel, diminyel, refize oswa pwolonje lisans la. Si lisans lan prezante apwè delè a, COMPIN oswa ISAPRE kapab refize li. EMPOTAN: ki kapab refize lisans la, Kisa mwen ka fè si yon refize lisans medikal la Pa mwayen FONASA ou dwe ale nan COMPIN pou ou kapab mandel si se nan ou dwe fè apèl ak Superintendencia de Seguridad Social.

Kisaki COMPIN

Se komisyon medsen preventif andikap (COMPIN) enstitusyon sa depan pa Ministè Sante, ki responsabilite pou evalye, konstate, deklare ak sètifye kondisyon sante travayè yo anplis lòt benefis, ki gen pou objektif detèmine kapasite travay oswa si si se pou tout tan oswa pasyèl.

Ki sa bwat konpansasyon an ye?

Yo se antite prive ki responsab pou administre benefis Sekirite Sosyal. Fon konpansasyon yo responsab pou yo peye divès benefis ak sibvansyon dirèkteman, anplis kredi sosyal ak lòt benefis pou manm yo..



Ki sa ki fuero

matènèl ?Se yon pwoteksyon medanm yo genyen ki pa pèmèt patwon an revoke yo pandan gwosès la.

Sèlman SONJE si : li Si tan prezante kontra sètifikasi travy la medikal tèmine pou koz gwosès.inyorans pandan gwosès la travayè dwe rekòmanse travay

Ki sa ki yon pèmi Prenatal?

Se yon per yòd repo pou medanm yo medsen oswa fanmsaj la . anvan timoun nan fèt ki kalkile 6 semèn avandat posib akouchman anpèmisa dwe otorize pa

Kisa ki pèmi

Postnatal Peryòd repo legal apre timoun nan fèt ki dire 24 semèn apwè bebe a fèt. Fi a kapab chwazi benefis sa yo nan 2 fòm: li ka pran jou konplè pou repoze ki ap 12 semèn oswa repoze mwatye jounen ki 18 semèn.

Kisa ki yon Pèmi postnatal parental? Se yon pèmi ki pèmèt manman ak tibebe a lè fèt repoze absan nan travay pandan 12 semèn, ki konte depi aguchman an, Fi a , anplis ke li ka chwazi pran repo konplè, oswa byen 18 semèn ak mwatye jounen. Tout Papa yo gen plizyè benefis, 5 jou repo peye ki kote depi jou ki apwè bebe fèt, manman kapab pase papa jiska 6 semèn jounen an konplè a 12 semèn mwatye jounen

Chomaj

Se lè yon moun sispan travay paske li renonse oswa yo revokel, li fas yon sityasyon ki twè difil, li pap travay epi li pa gen resous ekonomik poul kapab awonté vi a jiskaske li jwen yon nouvo travay. Pou ede travayè yo ki nan kondisyon sa yo, yo kreye Asirans pou Chomaj.

4

Kisa Administrasyon Fon Chomaj ye (AFC)

Pwoteksyon ekonomik nan ka chomaj dwa tout travayè genyen ki rejì pa Kòd Travay epi pèmèt ou resevwa yon kantite lajan mansyèl ki detèmine nan ka chomaj. Benefis yo se:




Ekziste 2 fason pou afilye:

- Obligatwa:** travayè ki yon anbroche epi ki afilye otomatikamn depi 2 oktòb 2002.
- Volontè:** travayè ki anbroche anvan 2 oktòb 2002 ki kapab afilye volontèman.

Kijan Asirans sa finansye

Avèk kontribisyon 3 pati yo, soti sou travayè a, patwon epi Leta. Chak travayè gen yon kont kote patwon dwe depoze mansyèl kontite lajan ki korespon.

Kontribisyon sa yo konbine pou jere ekonomi nan 2 kont yo.




Kisa ki se kont Chomaj Endividyèl (CIC)

Se yon kont kote travayè avèk patwon reyini fon nan ka premye chomaj (cesantia). Sa se yon priorite ke chak travayè genyen. **Kisa ki se fon Chomaj (Cesantía) Solidarite (FCS)** Se kont kote patwon yo ak Leta reyini resous pou garanti yo sèvis minimóm ak travayè ki afilye yo epi ki manke resous sifizan nan kont endividyèl chomaj (cesantía) (CIC) nan moman ke yo pèdi travay. Tankou travayè, kontribisyon yo diferan selon kalite kontra:

-Travayè ki gen yon kontra endefini: korespon ak 0,6% sou salè brit, plis yon kotizasyon ki fèt pa patwon an ki korespon ak 1,6%. Tout kontrisyon sa yo ale dirèk nan kont endividyè Chomaj (Cesantía) (CIC). Anplis, patwon an reyalize yon kotizasyon adisyonèl pou 0,8% ki ale nan fon Chomaj (Cesantía) Solidarite, nan dènye sa Leta kontribye.

-Travayè ki yon kontra ki gen yon dire detèmine: korespon ak 0%. patwon an defini 2,8% nan salè brit travayè a nan kont endividyèl Chomaj, plis 0,2% nan Fon Chomaj solidarite.



Kòman Fònksyone Administrasyon Fon Chomaj la (AFC)

Nan moman ke ou rete san travay, travayè a kapab retire resous li te akimile yo sou kont endividyèl, epi si se nesesè li ka itilize Fon Solidarite.

Ki kondisyon ki genyen pou kapab jwen asirans Chomaj nan Kont Endividyèl Chomaj (CIC).

- 1) Ou dwe san travay**
Nan moman ou pwal fè demand la epi kontra a fini pou ninpòt bagay, Ekzanp: renònce, akò nou te genyen an, antepriz la revoke'w, li dwe apwouve avèk yon dokiman ki valab, avèk lèt revokasyon an ect.
- 2) Kontra Endefini**
Apwouve 12 kontribisyon mansyèl kontinye oswa dekontinye depi lè ou afilye oswa depi sou dènyè retwè a.
- 3 Kontra pou yon ki fikse oswa pou zèv, djòb oswa yon sèvis detèmine.**
Travayè a dwe apwouve pou pipiti 6 kontribisyon kontinye oswa dekontinye.

Kijan yo touche Asirans Chomaj nan Kont Endividyèl Chomaj (CIC)

Ale nan yon branch AFC avèk Kat Idantite ki pako espire epi prezante finiquito, yon fwa ki yo apwouvel menm kote a yap baw yon dat ak lye pou ale peye pou asirans lan.

Enpòtan: nan ka ke ou gen yon pèmi pou travay, ou dwe ret tan lè ou gen Kat Idantite chilyen an.

Pou konbyen mwa gen dwa ak Asirans

travayè a gen dwa pou fè kantite retrè mansyèl li vle si li gen kantite kòb sou kont lan, premye retrè a korespon n a 70% man mayen premye denye reminerasyon avan lè yo te revoke w la, nan mwa swivan pousantaj la ap diminye jiskaske ekonomi sou Kont Endividyèl Chomaj fini (CIC).

ENPÒTAN: Pèyman asirans la ap sispani nan mwa kap vini an epi AFP pwal resevwa kòmansman yon nouve relasyon travay.

Ki kondisyon ki genyen pou resevwa asirans nan Fon Chomaj Solidè (FCS)

Ou kapab mande asirans sa se lè fon asirans Chomaj la fini nan Kont Individuyl (CIC) yon travayè.

1) Ou dwe san travay

San travay, kondisyon ou dwe apwouve dokiman ki valab, ekzanp, sètifica revokasyon etc.

2) Yo dwe revoke ou pou koz sa yo lè kontra a fini:

Tan kontra a fini (koz 159 4)
Travay la tèmine oswa sèvis la bay orijen ak kontra (koz 159 5)

3) O upa dwe gen fò nan asirans Chomaj kont Endividyèl (CIC)

Rejistre nan Kont Endividyèl yon salè ki ensifizan pou finanse pèyman pou asirans

4) Ou dwe genyen 12 kontribusyon nan fon solidè

Epi 12 kontribusyon chak mwa ki ala nan fon solidè nan dènye 24 mwa. 3 dènye yo dwe avèk menm anplwayè a.

5) Ou dwe ale nan Meri a

Ou dwe anrejistre nan sak travay Nasyonal la www.bne.cl depi nan demen aprè ou fin fè demand pou asirans chomaj. Yo pwal ba ou 96 èdtan oswa ale nan biro entèmedasyon travay (OMIL) kote ou kapab tou enskri nan sak travay Nasyonal.

ENPÒTAN: Pèyman pou Asirans lan ap sispani n nan mwa kap vini an epi AFC

pwal resevwa yon nouvo relasyon travay, lèw resevwa yon nouvo pèyman kotribisyon, 26 yo refize òf yo ke Dispoze Bolsa Nacional De Empleo (BNE) oswa lè yo pa reyalize enskripsyon an nan BNE nan peryòd ki korespon n.

Lòt benefis

Asirans Chomaj (Cesantia) pa sèlman bay benefis ekonomik. Anplis li bay lòt tip sèvis ki gen karaktè sosyal, sante ak pansyon. Pa ekzanp, si travayè a gen aksè nan asirans la atravè kont endividyèl, yo pwal genbe kouvèti sante a atravè FONASA pandan yap touche asirans lan. Siw itilize Fon chomaj solidè, pandan yap fè koleksyon yo ou gen dwa pou kenbe asirans sante atravè FONASA: konsève benefis yo baw pou asignasyon fanmi an (tramos A y B); kou fòmasyon gratis; èd pouw ka jwen travay atravè Bolsa Nacional de Empleo. Menm jan, si moun nan te chwazi pou Fon salidè lap dekouvrir sa nan AFP li kontribusyon pansyon ki korespon n a 10% nan kantite lajan peye pou Asirans Chomaj. Kontribusyon sa pap afekte komisyón AFP. Nan moman retrèt la, travayè kapab transfere yon pati, oswa tout fon an sou Kont Kapital Endividyèl Chomaj, sou AFP a, pou kapab ogmante pansyon an. Ou gen opsyon, yon fwa ke ou pansyone, retire tout nan yon sèl retrè fon ou te ekonomize a nan Kont Endividyèl Chomaj san peye taks. Nan ka lanmò, resous akimile yo nan kont endividyèl travayè pwale pou moun n ki te chwazi a

Kijan ou ka konnen si ou afilye nan AFC
Ou kapab konsilte sou paj web www.afc.cl o llamando al 800 800 232 oswa ale nan sucursal de AFC.

Ki moun ki pagne kouvèti Asirans Chomaj
Asirans Chomaj PA enkli a:
-Emplwayè piblik.
-Fònksyonè
-Travayè ki pako gen 18 lane.
-Travayè ki gen kontra pou aprantisaj.
-Travayè kay madanm.
-Travayè pansyone, esepte sa yo ki pansyone koz andikap pasyèl
-Pansyonè yo, esepte se yo ki pansyone koz andikap pasyèl.
-Travayè en a ki travay ak pwòp tèt yo

Ki yès ki sipèvize Asirans Chomaj la. Li fiskalize pa Superintendencia pou Pansyon pami fònksyon li yo li responsab fònksyonman Asirans lan, byen rapòte benefis li ye, bay bon enfòmasyon benefis ki epi repon reklamasyon ak plent yo. Travayè kay madanm yo konte nan Asirans Chomaj la . Non, travayè kay madanm pa konte nan Asirans Chomaj sa, yo genyen pwòp Asirans yo nan kont AFP. Patwon travayè kay madanm, nan yon fason obligatwa kontribye yon ekonomi ki gen pou objektif finansye yo pèyman pou dedomajman nan ka ke kontra travay la pran fini, oswa nenpòt koz ki prodwi (revokasyon, renonse, lanmò). 27 Anplwayè a gen pou obligasyon depoze 4.11% salè sou kont lan mansyèl enpozab pou travayè a.

REKÒMANDASYON FINAL

Anplwayè yo gen pou obligasyon retire kantite lajan pou kontribisyón nan salè travayè yo apwè deklarel epi peye I chak mwa. Remis respektiv la fèt sou revni enposab la, ki se salè brit travayè a, epi ki verifye nan règleman salè mansyèl la. Si patwon yo pa ranpli obligasyon sa a peyel, gen lwa ak mezi ki ekziste kote travayè yo ka patwon yo peye kòb sa yo nan AFP, Enspeksyon travay, Tribunal ki la pou sa, elatriye. INCAMI e INFOMIGRA pou edikasyon imigran nan epay endividyèl Fon pou ediksyòn prevansyonè 2018. Sa se yon inisyativ fon pou edikasyon Prevantvf, ki finansye pa sousekretè sekirite Social Gouvènman Chili.
www.previsionsocial.gob.cl



INCAMI e INFOMIGRA

Pou edikasyon imigran
yo nan byennèt sosyal

Fon edikasyon pou asirans 2018

Sa se yon inisyativ Fon pou Edikasyon Prevantiv.
Ki finanse pa Sousekretè Sekirite Sosyal
Gouvènman Chili.

www.previsionsocial.gob.cl